Nama : .....

No. Absen : .....

SD Negeri 4 Sepanjang
Gondanglegi Malang

## Pasinaon 1

**A. Maca geguritan gegayutan tokoh**

**Wacanen geguritan ngisor iki kanthi patitis!**

**Wacan iki crita salah dijine Wali Sanga miturut tembang rawat-rawat bakul sinambiwara.**

**Sunan Kalijaga**

Dening: Widada Basuki

Raden Mas Said, putra Adipati Wilatikta
Lokajaya, kondhange nalika dadi brandhal linuwih
Seneng ngrampas bandhane wong sugih
Wong cethil sing suthik dedana mbebagi asih.
Bandha rampasan ora dipek dhewe
Nanging didum-dumake
Marang wong sing ora duwe
Lan ora digatekake
Sisane kleyangkabur kanginan pepindhane
Ing sawiji dina
Lokajaya ketemu wong tuwa
Katon memelas ing tengah alas
"He wong tuwa, dakjaluk bandhamu, apa nyawamu?"
Wong tuwa iku mesem grapyak sumanak
"Lokajaya, delengen kalang-kaling kae!"
Sakala kolang-kaling gumebyar rupa mas,
Lokajaya kaget kepati
Lir tinubruk mung luput pindha nirbudi
Lokajaya, yen ing donya iki
Kang kok uber mung bandha donyaku
Bebasane uripmu bakal peteng tanpa lampu
Ooo. . . . jebul kang dakrampog iki wong sekti
Sing pantes dakdadekake guru pribadi
Pepadhane lir sumur lumaku tinimba yekti
Lokajaya meguru sakehing ngelmi
Ing pungkase, Lokajaya njangkepi Wali Sanga
Salin jeneng dadi Sunan Kalijaga
Nyiptakake wayang kalawan gamelan
Kanggo dakwah ing madyaning panguripan.

Kapetik : *Saka Tantri Basa Kelas 6*

**B. Mangsuli Pitakon**

**Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki!**

1. Apa irah-irahane geguritan ing ndhuwur?
   .....
2. Sapa penganggite geguritan ing ndhuwur iki?
   .....
3. Sapa wae asmane wali sanga iku?
   .....

4. Sapa ramane Raden Mas Said iku?

.....

5. Kepriye miturut panemumu watake Brandhal Lokajaya iku?

.....

6. Apa tegese lir tunubruk mung luput?

.....

7. Bocah iki kleyang kabur kanginan. Apa tegese kleyang kabur kanginan?

.....

8. Barang apa dicipta dening Sunan Kalijaga kang isih nganti saiki?

.....

9. Ing babagan apa sing beda tumrap para tokoh ing indonesia iku?

.....

10. Apa sarana kang digunakake dakwahing ing jamane Sunan Kalijaga?

.....